



Republik Ayiti

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



## AVI REKRITMAN KABINÈ AVOKA POU KONSILTASYON TÈM REFERANS Revizyon kad jiridik Akademi Kreyol Ayisyen (AKA)

### I. Kontèks jeneral

Yon politik lengwistik fètèfouni dwe chita daplon ak atik 5 ak 40 Konstitisyon an epi gade tou kontèks bilengwis Ayiti ap viv la. Lè nou konsidere tout bon politik piblik mande pou gen bon jan estrikti/enstitisyon, yon kad nòmatif apwopriye, Konstitisyon an, nan atik 213 li mete an plas yon enstitisyon endepandan, Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA), pou fikse fòm ekriti lang kreyòl la, ki se lang ki marande tout Ayisyen ansanm epi travay pou pèmèt devlopman syantifik lang sila a.

Pou mete dispozisyon konstitisyonèl sa yo an plas, Pouvwa lejislatif la vote nan dat 23 avril 2013, lwa sou òganizasyon ak fonksyonman AKA. Lwa sa pibliye nan nimewo 65 jounal ofisyèl «Le Moniteur» nan dat 7 avril 2014. Men, lwa sa, nan aplikasyon li, prezante anpil mankman ak limit ki kapab gen gwo enpak sou pèfòmans AKA kòm enstitisyon ki granmoun tèt li. Pou AKA rive reyalize misyon Lalwa ba li, li enpòtan pou estrikti anndan AKA ak mwayen jiridik li genyen yo byen defini pou gen bon jan relasyon ak administrasyon piblik ayisyen an.

Si AKA, kòm enstitisyon kle nan zafè politik lengwistik peyi a manke fè enpak sou sosyete a se paske mankman nou konstate nan dispozisyon jiridik yo jwe gwo wòl nan sa.

Nan objektif pou founi AKA yon kad jiridik ki kapab pèmèt li akonpli misyon konstitisyon an ba li pi byen, li nesèsè pou gen yon revizyon nan lwa 2013 la. Sa vle di, fòk nou remanyen òganigram nan, ba li mwayen li bezwen epi fikse atribisyon li pou li rive jwe wòl li nan yon anviwònman nòmatif ak enstitisyonèl kòm enstitisyon endepandan.

### II. Objektif jeneral et objektif espesifik

- Anba otorite Prezidan AKA ak sou sipèvizyon Sekretè egzekitif la, nan tèt kole ak ekip ki anndan Akademi an epi suivan kad legal ki tabli pou sa, Konsiltan an dwe revize dokiman ki la deja yo, finalize yo epi prezante yo nan Palman an.
- Fè konsepsyon yon pwojè kad jiridik pou Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) yon fason pou li kapab pi pèfòman epi remèt li bay Palman a

## Objektif espesifik

- Adapte òganigram AKA epi defini mwayen jiridik sou baz estati li kòm enstitisyon endepandan;
- Revize lwa kreyasyon AKA pandan l ap mete ladan l dispozisyon nesèsè ki gen pou wè ak fonksyonman li;
- Elabore yonn (1) oubyen de (2) pwojè ki chita sou reglemantasyon ak aplikasyon lwa òganizasyon ak fonksyonman AKA.

## III. Rezilta AKA ap tann

1. Revizyon òganigram AKA;
2. Soumèt AKA yon avan pwojè lwa sou revizyon lwa 23 avril 2013 la;
3. Soumèt AKA yon pwojè règlemantasyon ak aplikasyon avan pwojè lwa revize a ki gen pou wè ak òganizasyon ak fonksyonman AKA;
4. Jistifikatif pou Amanman an.

## Konsiltan an ap genyen pou responsabilite :

1. Revizite tout sa yo ekri (lwa, dekrè ...) ki gen rapò ak yon enstitisyon endepandan;
2. Fè rechèch dokiman tè sou lejislasyon ayisyen ki konsène òganizasyon administrasyon santral Leta a ak estriktirasyon enstitisyon endepandan, yon fason pou AKA a kapab genyen devan li plizyè opsyon;
3. Analize kontèks legal epi gade ki kondisyon (pwovizyon) administratif ak jiridik ki la ki ka penmèt yo fè yon revizyon nan lwa kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen;
4. Revizite epi konpare tout lwa ki gen pou wè ak enstitisyon endepandan peyi Ayiti ;
5. Òganize rankont pou bwase lide ak ekip AKA a sou dosye a;
6. Elabore epi fè ekip la valide pwojè lwa ki revize lwa kreyasyon Akademi an;
7. Prezante bwouyon (draf) de (2) dokiman ki te nan konsiltasyon an bay ekip la;
8. Prezante vèsyon final dokiman yo apre ekip la fin valide yo.

## V. Dire konsiltasyon an

Konsiltasyon sila a ap chita sou yon peryòd uit (8) semèn

Faz	livrab
Semèn 1	Rekritman
semèn 2-3	Pataj dokiman, atelye travay, prezantasyon metodoloji travay la ak plan entèvansyon
Semen 4	Soumisyon premye draf avanpwojè lwa a
semèn 5	Prezantasyon avanpwojè lwa a bay gwoup AKA a pou echanj,

	kòmantè ak sijesyon
semèn 6	Finalizasyon ak validasyon avanpwojè lwa a
semèn 7	Soumisyon yon draf pwojè regleman aplikasyon an epi dispoze bay konsiltasyon ki gen pou wè ak aplikasyon lwa a
Semèn 8	Finalizasyon ak validasyon dokiman aplikasyon lwa a

## VII. Pwofil ak kalifikasyon Konsiltan an

**Etid** Minimòm yon doktora nan Dwa, avèk yon espesyalizasyon nan Dwa piblik

**Esperyans** Konsiltan an dwe pwouve li genyen yon espètiz pwofesyonèl moun konnen

1. Pou pi piti dis (10) lane esperyans nan elaborasyon pwojè lwa ak aksyon administratif inilateral (arete)
2. Byen konnen dwa administratif ak dwa piblik finansye
3. Konnen dwa linguistik ayisyen an se yon atou
4. Metrize lekti ak ekriti Lang kreyòl ayisyen an.

## VIII. Dosye kandidati

Dosye kandidati a ap genyen ladan l yon CV ak kopi tit akademik yo, ansanm ak yon lèt motivasyon kandida a ap adrese bay **Sekretarya Egzekitif Akademi Akademi Kreyòl Ayisyen** nan yon anvlòp kachte ak sou imel sekretaray akademi : [enfomasyon@akademikreyol.net](mailto:enfomasyon@akademikreyol.net)

**Dat limit pou kandida yo voye dosye yo : 30 jen 2020.**